



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 62 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU ATIZAY
AK KILTI KE KONSÈY ETA NOUYÒK POU ZÈV ATISTIK LA TE AKÒDE**

***Òganizasyon san bi likratif avèk bidjè ki pi piti pase 1 milyon dola te resevwa 70%
sibvansyon yo***

***Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik te akòde 84 milyon dola sibvansyon pou ane
fiskal 2025***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik (New York State Council on the Arts, NYSCA) te akòde plis pase 2,000 sibvansyon ki totalize 62 milyon dola — sibvansyon sa yo pral sipòte 1,497 òganizasyon san bi likratif ak 509 atis endividyèl, pou ogmante aksè a finansman atistik epi rekonèt enpak ekonomik ak sosyal esansyèl sektè atistik ak kilti Nouyòk la. Avèk plis pase 21 milyon dola ki deja akòde kòm sibvansyon plizyè ane, sik finansman sa a pote total sibvansyon yo pou ane fiskal 2025 nan 84 milyon dola.

"Antanke lidè san parèy sou atizay ak kilti a, kreyativite ak inovasyon Nouyòk enspire mond lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman kontinyèl nou an nan sektè kreyatif dinamik nou an pral estimile plis touris, ranfòse ekonomi lokal nou yo epi kontinye reyisit Nouyòk kòm yon kote ki rich ak dinamik pou viv, travay epi vizite."

Efò kontinyèl NYSCA pou asire pi bon aksè a finansman atistik te lakòz tou yon ogmantasyon 20% nan aplikasyon yo, ak 70% sibvansyon sipò òganizasyon yo te akòde enstitisyon ki gen bidjè ki pi piti pase 1 milyon dola atravè eta a. Yo te anonse benefisyè kat kategori sibvansyon diferan pou ane fiskal 2025: Sipò pou Òganizasyon yo, Sipò pou Atis yo, Opòtinite Sible yo, epi Sibvansyon ak Sèvis yo. Ou ka jwenn lis konplè sibvansyon yo akòde yo [isit la](#).

NYSCA aksepte tou aplikasyon pou 80 milyon dola nan sibvansyon pou Fon Pwojè Kapital (Capital Projects Fund, CPF) yo jiska madi 14 janvyè 2025 a 4 p.m. Fon Pwojè Kapital NYSCA a envesti nan enstalasyon kapital ak pwojè ekspansyon pou òganizasyon kiltirèl san bi likratif ki favorize aksè, divès pwogram, anviwònman dirab ak plis ankò. Finansman sa a ede prezève epi kreye djòb ki kontribye a kwasans sektè atistik ak touristik Nouyòk. Vizite [sitwèb NYSCA a pou plis detay](#).

Direktris Egzekitif NYSCA a Erika Mallin te deklare, "Sipò kontinyèl Gouvènè a ak Lejislati a temwanye devouman yo a enpòtans sektè nou an, ki esansyèl pou sante kominote nou yo ak ekonomi nou an. Nan non Konsèy la, nou felisite ak remèsye tout benefisyè yo. Travay yo pral kontinye asire enfliyans eta nou an kòm kapital atistik mond lan."

Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare, "Atizay bati kominote yo, enspire aprantisaj ak ranfòse koneksyon nou yo youn ak lòt ak mond lan an jeneral. Lè nou sipòte kantite enkwayab òganizasyon san bi likratif ak atis sa yo, n ap kreye yon avni ki meyè e ki pi angajan pou Nouyòkè yo atravè eta a. Mwen bat bravo pou benefisyè NYSCA ane sa a epi m ap tann ak enpasyans tout kontribisyon ak kreyativite w yo."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Antanke Prezidan Devlopman Touris, Pak, Atizay ak Espò, mwen bat bravo pou kantite enpresyonan sibvansyon NYSCA pou òganizasyon san bi likratif ak atis nou yo e mwen rekonesan pou sipò esansyèl Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou sektè kreyatif nou an k ap travay di. Felisitasyon a tout benefisyè sibvansyon NYSCA yo, kreyativite w ak devouman w bay avantaj enkwayab pou rezidan ak vizitè nou yo atravè Eta Nouyòk".

Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan

Misyon Konsèy Atistik Eta Nouyòk la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta Nouyòk pou tout moun. Pou sipòte repriz kontinyèl atizay nan Eta Nouyòk, Konsèy Atistik la pral akòde 162 milyon dola nan ane iskal 2025 la, ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon.

Konsèy la se yon ajans ki fè pati Pouwa Egzekitif ke Gouvènè Nelson Rockefeller te kreye an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Hochul ak Kò Lejislatif Eta Nouyòk lan. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite arts.ny.gov, epi swiv paj Facebook NYSCA, sou X @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)